



# Gade!

## Chofè:

- BAY moun apye yo pase nan pasaj pou moun apye yo ak nan kalfou yo – se lalwa.
- Pa bloke pasaj pou moun apye yo lè ou kanpe nan kalfou yo.
- Ralanti epi respekte limit vitès ki make nan pano yo.
- Pran plis prekosyon nan zòn lekòl, teren jwèt ak katye yo.
- Toujou fè atansyon a moun apye yo, sitou anvan ou vire nan yon limyè vèt oswa anvan ou fè yon “viraj adwat nan yon limyè wouj.”
- Pa janm pase anba limyè wouj yo.
- Pran prekosyon ou lè w ap double machin ki kanpe yo. Yo ka kanpe pou moun apye yo.
- Fè Atansyon! Pa tèks pandan w ap kondi!
- Pataje wout la. Se responsablite ou pou chèche lòt yo.

**Sekirite Moun Apye Se pa Aksidan.**



Department  
of Health

6568 (Haitian Creole)

Se Administrasyon Nasyonal Sekirite Sikilasyon sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration) ki finanse pwojè sa a avèk yon sibvansyon Komite Sekirite Sikilasyon (Traffic Safety Committee) Gouvènè Eta New York.

6/16



# Fè yo Wè ou!

## Moun apye yo:

- Travèse nan kalfou yo ak nan pasaj ki make pou moun apye yo.
- Itilize bouton pouswa a epi TANN limyè a pou travèse.
- Anvan ou travèse, gade agoch, adwat, answit gade agoch ankò, epi gade sou zèpòl ou pou wè machin k ap vire yo.
- Mache sou twotwa yo. Si pa gen twotwa, mache anfas sikilasyon an pou ou kapab wè machin yo, epitou pou chofè yo kapab wè ou.
- Fè atansyon PA tèks pandan w ap travèse!
- Fè kontak zye-nan-zye avèk chofè yo pou yo kapab wè ou.
- Rete vizib lè gen fènwa ak move tan avèk rad ki gen koulè klè oswa rad reflektè.
- Pa mache toudenkou devan otobis yo ak kamyon yo. Yo pran plis tan pou kanpe pase yon machin.
- Siveye kamyon ak otobis k ap fè bak nan espas pakin yo ak ale yo.

**Sekirite Moun Apye Se pa Aksidan.**